**दिन–मंगलवार** **दिनांक–14.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर पूर्व उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदीक थोड़े कालक बाद पटनाक दीघा घाट पर राजकीय सम्मानक संग अंतिम संस्कार कयल जायत। पटना अयला पर हुनक पार्थिव शरीर के अंतिम दर्शनक लेल, राजेन्द्र नगरक निजि आवास आओर बिजय निकेतन संघ कार्यालय लाओल गेल। बाद मे हुनक पार्थिव शरीर विधान मंडल परिसर आओर प्रदेश भाजपा कार्यालय आनल गेल हुनक पार्थिव शरीर पर भाजपा नेता सभक संग–संग आम लोक सभ सेहो पुष्पाजंलि अर्पित कयलनि।

---

ध्यातव्य अछि जे सुशील कुमार मोदीक काल्हि, दिल्ली एम्स मे इलाजक दरमियान निधन भऽ गेल रहनि। हुनक निधन पर राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर राजद अध्यक्ष– लालू प्रसाद सहित कतेको राजनीतिक दलक नेता सभ शोक जतौलनि अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरण लेल आई नामांकन पत्र भरबाक काज समाप्त भऽ गेल। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आई वाराणसी सँ अपन नामांकनक पर्चा भरलनि। एम्हर, पटना साहिब संसदीय क्षेत्र सँ कांग्रेस उम्मीदवार अंशुल अविजित सेहो अपन नामांकन पत्र भरलनि। सातम चरण मे राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र – नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, जहानाबाद, आरा, बक्सर, सासाराम आओर काराकाट मे चुनाव होयत। नामांकन पत्रक जांच काल्हि कयल जायत। ओतहि, उम्मीदवार सभ सत्रह मई धरि अपन– अपन नाम वापिस लऽ सकैत छथि। ई चरण मे एक जून कऽ भोट खसाओल जायत।

---

प्रदेश मे बचल तीन चरणक लोकसभा चुनावक लेल प्रचार–प्रसार जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। एन.डी.एक घटक दल– भाजपा, जदयू, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, हिन्दुसतानी अवाम मोर्चा आओर राष्ट्रीय लोक मार्चोक नेता सभ रैली आओर जनसभा कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता सुशील कुमार मोदीक निधनक कारण आई पार्टी स्टार प्रचारक सभ चुनाव प्रचार कार्यक्रम के रद्द कऽ देलनि। ओतहि, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मोन खराब होयबाक  कारण सभ कार्यक्रम रद्द कऽ देलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आई मधुबनीक मकसूदा खेल मैदान मे पार्टी उम्मीदवार अली असरफ फातमीक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओतहि, सीतामढ़ी जिलाक भुतही मे तेजस्वी प्रसाद यादव आओर मुकेश सहनी इंडी गठबंधनक उम्मीदवार अर्जुन रायक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। कांग्रेस आओर वांमपंथी दलक नेता सभ सेहो कतेको निर्वाचन क्षेत्र मे अपन–अपन उम्मीदवार सभ के जितेबाक लेल प्रचार–प्रसार अभियान चलौलनि।

———————————————————————————

छपराक पूर्व विधायक रणधीर सिंह आई जदयू मे शामिल भऽ गेलाह। पटना मे आयोजित मिलन समारोह मे हुनक जदयूक वरिष्ठ नेता –विजय कुमार चौधरी पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि। श्री सिंह पछिला दिन राजदक प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तिफा दऽ देने रहैथ।

———————————————————————————

उच्चतम न्यायालय पटना उच्च न्यायालयक ओ आदेश पर रोक लगा देलक अछि जाहि मे जनाओल गेल छल जे बिना दाखिल–खारिज आओर होल्डिंगक जमीनक खरीद–बिक्री नहिं भऽ सकैत अछि। न्यायामूर्ति पी.एस नरसिम्हा आओर अरविन्द कुमारक खण्डपीठ एक एस.एल.पी के सुनलाकबाद ई जनौलनि। आब, एहि मामिला मे उच्चतम न्यायालय सितम्बर मास मे सुनावाई करत।

———————————————————————————

प्रदेशक सभ सरकारी विद्यालय सोलह मई सँ भोर छओ बजे सँ दूपहर बारह बजे धरि चलत। माध्यमिक शिक्षा निर्देशक कन्हैया प्रसाद श्रीवास्तव एहि लेल सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी के जना देलनि अछि। ई समय–सारणी तीस जून धरि रहत।

———————————————————————————

चक्रवातीय परिसंचरणक असरि कम भेला सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मौसम मे बदलि भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार बारिशक गतिविधि कम भेला सँ अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान बढ़ल अछि। उनचालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। ओतहि, राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान पैंतीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच पश्चिम चंपारण आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम हल्लुक बारिश भऽ सकैत अछि। राज्यक बचल क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल रहत।

---

अररियाक विशेष उत्पाद अदालत शराब तस्करीक मामिला मे दोषी मोहम्मद बरकत के पांच साल कारावास आओर एक लाख टाकाक अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।